

Edikasyon Lokaté epi Lign Sipò Legal (REÈL)

“Writ of Possession”



Legal Services of Greater Miami, Inc.
www.lsgmi.org
www.real-lsgmi.com

Ki sa “Writ of Possession” an ye?

- On “writ of possession” se on lòd tribinal ki di Sheriff la pou li mete ou, tout sa ou posede, epi tout moun ki nan kay ou, li mete yo deyò nan kay kote ou abite a.
- “Writ” la ba ou 24 tré pou ou sòti kite kay la. Peryòd 24 tré sa-a kòmanse depi nan moman ke yo tache “Writ of Possession” an nan do pòt ou.
- Si ou pat fin-n demenaje tout a fé lé Sheriff la retounen, moun ki avék Sheriff yo pral mete ou deyò, fanmiy ou epi tout epi tout sa ou posede nan kay ou. Sa rele on “Execution of the Writ”. Moun ki avék Sheriff yo ap mete ou deyò men-m si ou gen on moun ki malad, ansent o sinon si ou genyen on lòt bon rezon pouki ou ta panse ou pa ta dwe sòti.

Èske Mwen ka Konnen Ekzatemman Kilé Sheriff la Pral Retounen Pou Li Mete Mwen Deyò?

- Gende fwa Depatman Sheriff la an reta epi li pa retounen ekzatemman nan 24 tré a apré li fin-n tache “writ of possession” an nan pòt ou.
- Si ou vle genyen on ide sou kilé Sheriff la pral retounen pou li mete ou deyò, rele sévis Sheriff la nan 305-375-5100. Di ke gen on “Writ of Possession” ki tache nan pòt ou o sinon ke yo te sévi ou. Prepare ou pou ou ba yo nimero ka ou a. Lé sa-a yo pral ba ou on **estimasyon** sou kilé Sheriff la pral retounen pou li mete ou deyò nan kay la.

Ki Sa Mwen Ka Fé Pou Mwen Stope Sheriff la Pou li Pa Mete Mwen Deyò Nan Kay Mwen an?

- Si ou genyen on tré bon rezon pouki sa Sheriff la pa ta dwe mete ou deyò nan kay la, ou ta dwe konsidere voye on dokiman nan Tribinal la ki rele, “Emergency Motion to Stay Writ of Possession”. Sa se on deman pou Jij la stope Sheriff la pou li pa mete ou deyò.

Ki sa ki Dwe Nan “Emergency Motion to Stay the Writ of Possession” an?

- Mosyon Ijans lan dwe di kat bagay:
 - ✓ Rezon pou ki Sheriff la pa ta dwe mete ou deyò a;
 - ✓ On deman pou Jij la stope Sheriff la pou li pa mete ou deyò;
 - ✓ On deman pou Jij la pémét ou on jijman pou ou ka di Jij la an pèsòn-n pouki sa yo pa ta dwe mete ou deyò, epi pou ou prezante ninpòt ki prév ke ou genyen pou sipòte deman-n ou an; epi
 - ✓ Ke ou fakse o sinon delivre nan men o fotokopi Mosyon an bay avoka o sinon mét kay la si li pa gen on avoka.
- Mosyon Ijans “Stay Writ of Possession” an dwe bay rezon pouki Sheriff la pa ta dwe mete ou deyò. Gen on seri rezon ki ka konsa:
 - ✓ Ou pat jan-m resevwa on fotokopi eviksyon o sinon papye tribinal pou “Writ of Possession” an.
 - ✓ Ou bezwen plis tan pou ou ka sòti paske ou gen on moun ki nan kay ki tré malad o sinon ki andikape.
 - ✓ Ou te peye mét kay la sa ou panse ou te dwe li a, epi alò ou panse ou te ka rete nan kay la.
 - ✓ Ou te fé on akò ak mét kay ou a o sinon avoka li pou ou peye sa ou dwe a, epi pou ou rete nan kay la.
 - ✓ Ou pat peye on ken-n lajan lweyaj nan Kés Tribinal la paske kay la nan tré move kondisyon.

Kijan Pou Ou On Aksyon “Emergency Motion to Stay Writ of Possession” epi Pou ou Jwen On Jijman?

- O sito ke yo fin-n sévi ou avék “Writ of Possession” an o sinon fin-n mete li sou do pòt ou ou dwe fé on Mosyon Ijans ki rele “Emergency Motion to Stay Writ of Possession”. Epi tou, pote

on fotokopi mosyon an bay Jij chan-m lan. Sél moun ki ka rete “Sheriff Department” pou li pa mete ou deyò la kay ou se Jij la ki te òdone “Writ of Possession” an.

- Voye Mosyon nan Tribinal avék “Clerk of the County” Kote yo te ka sa-a te anrejistre a. Yo ka mande ou pou ou peye \$25 o sinon \$50 kòm fré pou re-ouvri ka-a pou ou kapab voye mosyon an. Ou dwe delivre nan men tou on fotokopi Mosyon an bay Jij ki deziyen pou trete ka ou a. Si ou pa konnen ki moun ki Jij la nan ka ou a o nom Tribinal la, rele Tribinal la nan “Court Docketing” nan nimero sa-a 305-275-1155. Ba yo nimero ka ou a. Yo ap di ou ki moun ki Jij nan ka ou a epi nan ki Tribinal ka ou a ye.
- Ou dwe delivre nan men tou o sinon fakse on fotokopi Mosyon an bay mét kay ou a o sinon avoka li. Ou dwe ekri nan Mosyon an ke ou bay mét kay la on fotokopi Mosyon an bay o sinon avoka mét kay la.
- Lé ou pote fotokopi Mosyon an bay Jij la, mande pou asistan jidisyé Jis la o sinon “Clerk” la ki lé ou ta dwe kontakte Jija la pou ou ka jwen desizyon Jij la konsénan Mosyon an.

Ki sa Mwen Dwe Fé Si Jij La Dakò ak Mwen epi Aprove Mosyon an?

- Si Mosyon an aprouve, mande “Clerk of the Court” la o sinon asistan jidisyé Jij la pou li fakse on fotokopi lòd Jij la ki aprouve Mosyon ou an bay Sheriff depatman-an. Sa pral rete Sheriff la pou li pa retounen epi mete ou deyò nan kay ou.

Legal Services of Greater Miami, Inc.

Biro Prinsipal

3000 Biscayne Boulevard
Suite 500
Miami, Florida 33137
Telephone: (305) 576-0080
TTD: (305) 573-1578

South Dade

10720 Caribbean Boulevard
Suite 400
Miami, Florida 33189
Telephone: (305) 232-9680
TTD: (786) 242-0207

Monroe County

Telephone:(877)715-7464
TTD:(877) 715-7461



Devwe Li Avék Pasyon Pou Jistis Pou Tout Moun